



Vecteezy.com

Vaksen COVID-19 ✓

Jwenn plis enfòmasyon konsènan lòt fason pou pwoteje sante w ak sante moun pwòch ou yo!

VAKSINASYON: DJÒB PWOTEKSYON POU TOUT LAVI

Èske ou konnen gen lòt vaksen adilt yo ta dwe resevwa? Adilt ki gen plis laj ak adilt ki gen sèten pwoblèm sante, gen plis risk pou gen sèten maladi vaksen kapab evite. Pale ak founisèswen sante w lan si gen lòt vaksen toujou ou gendwa bezwen pou rete an bòn sante.

Al gade nan www.cdc.gov/vaccines/adults/rec-vac/index.html pou jwenn plis enfòmasyon.

Mande yon founisèswen sante enfòmasyon osijè vaksen sa yo:

- Lagrip Sezonyè
- Nemoni Nemokokal
- Shingles (Zona)
- Tetanòs (Td/Tdap)

SÈVIS AK OPÒTINITE SIPÒ POU GRANMOUN KI GEN PLIS LAJ AK MOUN K AP OKIPE YO:

MassOptions konekte granmoun ki gen laj, moun ki gen andikap ak moun k ap okipe yo epi ajans ak òganizasyon ki kapab satisfè bezwen yo pi byen. Anpil resous disponib lokalman.

Espesyalis ki byen fòm nan MassOptions pral ba w yon atansyon radpi epi pèsonalize. Tout sa ou bezwen fè se pale avèk yo de oumenm oswa sa ou bezwen pou kapab viv yon fason ki endepandan. Ou kapab menm rete anliy pandan yo konekte w ak resous oubyen òganizasyon an ki apwopriye a.

Ou kapab pale ak yon espesyalis nan MassOptions (disponib nan plizyè lang),
Lendi pou vandredi soti 9è:00 a.m. rive 5è:00 p.m.

Rele gratis nan 1-800-243-4636, oubyen al gade wèbsayt yo nan www.MassOptions.org.

SIPÒ POU MOUN KI VIV AK DEMANS AK POU MOUN K AP OKIPE YO:

Grasa sèvis gratis sa a, espesyalis ak klinisyen yo ki gen nivo metriz ap ofri sipò konfidansyèl ak enfòmasyon bay moun k ap viv ak demans, moun k ap okipe yo, fanmi yo ak piblik la anjeneral.

Resevwa èd nan lang ou pito a grasa estaf bileng yo oswa grasa sèvis tradiksyon, ki travay nan plis pase 200 lang.

Nimewo Gratis Asosyasyon Alzaymè (Alzheimer's Association) lan disponib 24/24, 7 jou sou 7 nan (800.272.3900), 365 jou nan yon ane.